

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data anu aya dina bab IV, ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa VII K SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh maké métodeu karya wisata rata-ratana nyaéta 49. Tina 33 siswa aya 5 urang siswa anu nyumponan KKM sarta 28 urang siswa anu can nyumponan KKM.
- 2) Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa VII K SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2015/2016 saenggeus maké métodeu karya wisata rata-ratana ngaronjat jadi 88. Tina 33 siswa aya 28 urang siswa anu nyumponan KKM sarta 5 urang siswa anu can nyumponan KKM.
- 3) Aya béda anu signifikan anatar hasil *pretest* jeung *posttest* Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa VII K SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh jeung saenggeus maké métodeu karya wisata. Hasil panalungtikan katitén yén $t_{itung} > t_{tabel}$ nyaéta $14,69 > 2,46$ anu hartina hipotésis alternatif (H_a) ditarima sarta hipotésis nol (H_0) ditolak. Ieu hal némbongkeun yén métodeu karya wisata bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII K SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2015/2016.

5.2 Implikasi

Métodeu karya wisata dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa. Larapna métodeu karya wisata meunang sawangan positif ti siswa jeung guru. Ieu hal dilantarankeun prak-prakan métodeu karya wisata anu ngirut jeung pikaresepeun. Salian ti éta, métodeu karya wisata miboga poténsi pikeun numuwuhkeun kaparigelan dina mekarkeun pamikiran siswa, sangkan teu heureut dina ngébréhkeun naon anu aya dina pikiranna. Ku kituna,

ieu métodeu pangajaran miboga poténsi pikeun ngeuyeuban pangaweruh siswa ngeunaan pangalaman pribadi sarta informasi luareun sakola.

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun ku panalungtik. Éta rékoméndasi saperti ieu di handap.

- 1) Ku sabab hasil panalungtikan nétélakeun yén métodeu karya wisata mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa. Ku kituna, métodeu karya wisata dirékoméndasikeun pikeun dijadikeun alternatif métodeu pangajaran.
- 2) Upama rék ngayakeun métodeu karya wisata dina nulis pangalaman pribadi, hal-hal anu kudu ditataharkeun ku guru nyaétawaragad, waktu, tempat anu strategis, ayana pangaping séjén anu bisa ngabantuan nalika prak-prakan karya wisata.
- 3) Lantaran ieu panalungtikan ngeunaan métodeu karya wisata dina pangajaran nulis pangalaman pribadi di SMP maké métodeu kuasi ékspérimén, kudu aya deui panalungtikan séjén ngeunaan métodeu karya wisata liaanna sangkan leuwih jembar.